ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
НӨКИС ҚАЛАСЫ ҲӘКИМИНИҢ

Ш Е Ш И М И

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ
НУКУС ШАҲАР ҲОКИМИНИНГ

Қ А Р О Р И

Нөкис қаласы, А.Досназаров көшеси, 96 — Нукус шахри, А.Досназаров кўчаси, 96

№ 05/12-174 — «06» 12 2017-ж.й

Нөкис қаласы «Нөкис автомобиль ҳәм аўысық бөлеклерин сатыў» базары алдында жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў ҳаққында

Қарақалпақстан Республикасы Ишки Ислер Министрлиги Жол ҳәрекети қәўипсизлиги басқармасының 2017-жыл 15-ноябрь күнги 11/б-3739-санлы, белгиленген ўақытта транспортлар қатнасында тырбантлықты келтирип шығармаў, автотранспорт айдаўшыларының тезликти асырыўы нәтийжесинде велосипед айдаўшылар ҳәм пиядаларды қағып кетиў жағдайлары көплеп ушырасып, аўыр ақыбетли жол транспорт ҳәдийселери келип шығып атырғанлығы себепли, автотранспортлардың қәўипсиз ҳәрекетлениўин тәмийинлеў мақсетинде, жол белгисин орнатыў ҳаққындағы усынысын қарап шығып, Өзбекстан Республикасының «Жол ҳәрекети қәўипсизлиги ҳаққында»ғы Нызамы («Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами», 2013 йил 15 апрел, 15 сон, 197 модда)ның 7-статьясына, «Жергиликли мәмлекет ҳакимият ҳаққында»ғы Нызамының 25-статьясына муўапық, транспорт қуралларының ҳәрекетлениўин тәртипке салыў, жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў мақсетинде

ШЕШИМ ЕТЕМЕН:

1.Нөкис қаласы, «Гөне қала» МПЖ, Ақбеткей көшеси, «Нөкис автомобиль ҳәм аўысық бөлеклерин сатыў базарының алды еки тәрепине ҳәм Экономика колледжи жатақханасының Таза қоныс көшеси еки тәрепине азанғы 7.00 ден түски 13.00 лер аралығында ҳәптениң екшемби күнлери автотранспортлардың тоқтап турыўларын қадағалаўшы 3.27 «Тоқтаў қадаған» жол белгиси, қосымша 7.5.5 «Тәсир етиў ўақыты» жол белгилери орнатылсын.

2. Жол белгисин орнатылған тәртипте орнатыў, Нөкис қалалық Ишки Ислер бөлими (Г.Аметов) не тапсырылсын.

3. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў Нөкис қаласы ҳәкиминиң орынбасары И.Өтегеновқа жүкленсин.

4. Бул шешим қалалық «Нөкис ҳақыйқаты» газетасында рәсмий жәриялансын ҳәм ҳәкимликтиң рәсмий веб-сайтында жайластырылсын.

5. Бул шешим рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Нөкис қаласы ҳәкими ў.ў.а — **П.Турешев**